**Республикалық Мәлимлеме-ресурс орайы**
**Хабарлаў-библиография ҳәм үлкетаныў бөлими**



# Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың туўылған күнине арналған «Халқы қәдирлеген жазыўшы» атамасында библиографиялық қолланба



**Нөкис-2018**

## *Ҳүрметли Мәлимлеме-ресурс орайы хызметкерлери ҳәм пайдаланыўшылар!*

***Қолыңыздағы бул библиографиялық қолланбада Өзбекстан Қаҳарманы, Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың туўылған күнине арналып дүзилген. Пүткил дүнья халықлары әдебиятларында аты танылған жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновтың өмири, дөретиўшилик жолы ҳаққында кең түрде мағлыўматлар менен жақыннан танысасыз.***

***Жазыўшының көркемлик шеберлиги менен дөретилген ҳәм булар бизиң әдебиятымыздағы миллеттиң руўхый дүньясындағы бар мәртлик, садықлық, қайсарлық, ғәрезсизлик ушын өз жанын аямаған гүресшеңлик ҳәм басқа да пазыйлетлери оқыўшылардың кәмил инсан болып жетилисиўине үлкен тәсир көрсетеди деген үмиттемиз.***

***Бул библиографиялық қолланбаны Мәлимлеме-ресурс орайларында, китапханаларда жазыўшының туўылған күнине арнап өткерилетуғын илажларда, еслеў кешесинде, әдебий кешелерде қолланыўызға болады.***

***Республикалық Мәлимлеме-ресурс орайы Балалар китапханасы методикалық кеңесиниң 2018-жыл 25-августтағы 4-санлы баянламасы менен тастыйықланды.***

*Өзиниң узақ тарийхына ийе*
*әййемги қарақалпақ халқының*
*кең пешанасына бүгинги күнде*
*таң жулдызындай жарасып*
*турған жазыўшы Т. Қайыпбергеновдур*
***А. Орипов***

## Төлепберген Қайыпбергеновтың өмир жолы
## ҳәм дөретиўшилик мийнетлери
## (1929-2010)

Өзбекстан Қаҳарманы, Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов өз көркем дөретпелери менен тек ғана Туран халықларына емес, ал пүткил дүнья халықлары әдебиятларында аты танылған прозаик. Ол өзиниң гүрриңлери, повестьлери, романлары ҳәм драмалық, публицистикалық шығармалары менен XX әсир қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына салмақлы үлес қосты.

Т.Қайыпбергенов 1929-жылы Кегейли районында дийқан шаңарағында туўылды. Болажақ жазыўшы бала ўақытларынан баслап әдебиятқа қызықты. 1947-жылы Хожелидеги педучилищени тамамлап, аўыллық мектепте муғаллим болып ислейди. 1955-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутының рус тили ҳәм әдебияты факультетин питкергеннен кейин «Әмиўдәрья» журналында әдебий хызметкер болып ислейди, радио еситтириў комитетинде редактор, 1957-жылдан Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы, Қаракпалпақстан Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери, ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары» газетасының бас редакторы, «Совет Қарақалпақстаны» газетасының бас редакторы, 1967-1980-жыллары Қарақалпақстан Баспасөз бойынша мәмлекетлик комитетинде орынбасары, 1980-жылдан баслап өмириниң ақырына шекем Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы лаўазымында иследи.

Т.Қайыпбергеновтың шығармалары баспасөзде 1950-жыллардан баслап жәрияланған. 1956-жылы оның «Секретарь» атлы биринши повести баспадан шықты. Буннан кейинги жыллары «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», «Тәнҳа өзиңе мәлим сыр» повестьлери, «Соңғы ҳүжим», «Қарақалпақ қызы», «Қарақалпақ дәстаны», «Көздиң қарашығы», «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы» романлары, «Қарақалпақнама», «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен», «О дүньяға атама хатлар», «Түркийнама», «Жол-жөнекей берилген асығыс сораўларға жуўаплар» роман-эсселери ҳәм «Фамилия», «Айдос баба», «Саҳра бүлбили» сыяқлы драмалық дөретпелери ҳәм публицистикалық шығармалары баспадан шықты ҳәм қарақалпақ әдебиятын жаңа жанрлар менен байытты. Жазыўшының «Қарақалпақнама» роман-эссеси тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятында айрықша әдебий қубылыс болды. Т. Қайыпбергеновтың шығармаларының көпшилиги өзбек ҳәм рус тиллеринде аўдарма етилип, баспадан шықты. Жазыўшының шығармалары басқада тиллерге (қазақ, түркмен, қырғыз, украин, молдаван, эстон, поляк) аўдарылып, ҳәр қыйлы басылымларда жәрияланды. Оның интервьюлери, шығып сөйлеўлери ҳәм мақалалары Англия, Арабстан, Ҳиндстан, Япония, Венгрия, Голландия, Моңғолстан ҳәм басқа да мәмлекетлердиң баспасөзлеринде басылған.

Т.Қайыпбергеновтың қарақалпақ әдебиятын раўажландырыўға қосқан үлеслери ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланып, оған «Қарақалпақстан халық жазыўшысы» (1974), «Өзбекистан халық жазыўшысы» (1993) ҳүрметли атақлары берилди, Бердақ атындағы (1967), Ҳамза атындағы (1971) мәмлекетлик сыйлықлардың, Махмуд Қашғарий атындағы (1995) халықаралық, сондай-ақ М.Шолохов атындағы (2004) сыйлықлардың лауреаты болыўға еристи. Жазыўшыға 2003-жылы «Өзбекистан Қаҳарманы» ҳүрметли атағы берилди.

Т.Қайыпбергенов XX әсир қарақалпақ әдебиятында көркемлиги жағынан бай шығармалары менен ири тулға ретинде мәңги есимизде сақланып қалады.

## Жазыўшы ҳаққында пикирлер

**«Қарақалпақ әдебиятында эссе жанрына тарийхый философиялық, психологиялық ҳәм публицистикалық пикирлер де жәмлестирилип, ол роман дәрежесине жеткизилген»- деп Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» эссесин көрсетеди.**

**К. Мәмбетов**

**«Жазыўшының «Қарақалпақнама» роман-эссеси, «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама» шығармалары оның дөретиўшилигиниң жаңа басқышын қурайды.»**

**Қ. Камалов**

**«Бобомга хатлар» китобини ўқиб, унда Т.Қайпбергановнинг болалик давридан то пайғамбор ёшигача босиб ўтган ҳаёт саргузаштлари, кўрган-кечганлари тўғрисидаги уй-фикрлари жуда равон тил билан талқин этилганлигига гувоҳ бўлдим».**

**Өзбек илимпазы Ф.Насратдинов**

**Бул трилогия («Қарақалпақ дәстаны») үлкен көркем шығарма болып, ол ҳақыйқый сөз шебериниң қолыгүл уста тәрепинен өз халқын айрықша меҳир-муҳаббет пенен сүйетуғын жазыўшының жүрек көзи менен жаратылған. Сениң питкерген бул ислериң қарақалпақлар ушын-ҳәм, бәрше түркий халықлар ушын-ҳәм, шын мәнисинде, бийбаҳа.**

**Ш.Айтматов**

## Әдебий кешелерде төмендеги атамада китап көргизбелери шөлкемлестирилиўге болады.

**«Өзбекстан Қаҳарманы, Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов 90 жаста»**

**«Қаҳарман жазыўшы»**

**«Қарақалпақтың бийик шынары»**

**«Дүньяға қушақ ашқан жазыўшы»**

**«Дәўирдиң уллы жыршысы»** ҳ.т.б. Төлепберген Қайыпбергеновтың туўылған күнине арналған китап көргизбесин шөлкемлестириўге болады.

Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилик жолына байланыслы жазыўшы-шайырлар менен ушырасыў кешелер, әдебий кешелер, еслеў кешелер, слайд презентация, библиографиялық шолыўлар ҳәм де мектеп оқыўшылары арасында сәўбетлесиўлер өткериўиңизге болады.

**Жазыўшының шығармаларына байланыслы әдебий кеше даўамында қатнасыўшылар менен сораў-жуўап викторина өткериўге болады. Сораўларды төмендегише дүзиўди усыныс етемиз:**

**1.** Т.Қайыпбергенов нешинши жылы ҳәм қайсы районда туўылған?
**2.** Т.Қайыпбергеновтың шығармалары баспа сөзде нешинши жыллардан баслап жәрияланған?
**3**. «Секретарь» атлы биринши повести нешинши жылы баспадан шықты?
**4.** Жазыўшыға «Өзбекстан Қаҳарманы» ҳүрметли атағы нешинши жылы берилди?
**5.** Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повестиндеги қаҳарманлардың атларын билесизбе?
**6.** Жазыўшыға «Өзбекстан халық жазыўшысы» ҳүрметли атағы нешинши жылы берилди?
**7.** Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повести ушын Өзбекстан Республикасының қайсы сыйлығына миясар болды?
**8.** Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повестинде Есемурат ғаррының атызына қаўын урлыққа түскен қаҳарман ким?
**9.** Жазыўшы қашан ҳәм неше жаста қайтыс болды?
**10.** Жазыўшы нешинши жылы Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы болды?

Кеше даўамында сораўлар бағдарын өзгертип ямаса қосымша сораўлар берсеңиз болады.

Жазыўшының **«Муғаллимге рахмет», «Қарақалпақ қызы»** шығармаларынан 7-8-класс оқыўшылар менен бирге сахналы көринис таярлаўға болады.

## Т. Қайыпбергенов ҳаққында


Жумамуратов Т. Өмириминиң өзи философия. қосықлар. Н: Қарақалпақстан, 2005. – 336 б.

Алласугуров Е. Ҳақыйқатлық нуры. (қосықлар топламы). Н: Билим, 2005. – 124 б.

Pirnazarov J., Nurjanov P., Umarova J. Ádebiyat. 5-klass ushın sabaqlıq-xrestomatiya. T.: Ózbekistan, 2011. – 240 b.

Әбдиев А. Әдебиятға қосылған салмақлы үлес: илимий мақалалар. Н: 2015. –216 б.

Мусурман Р. Мустақиллик ҳаётидаги энг улкан ҳадиса: Т. Қайыпбергенов 70 ёшда.//Ўзбекистон адабиёти ва санъати, 1999.-21-май.

Палўанов Б. Прозасында фольклоризм. // Әмиўдәрья, 2002-ж. № 3-4.

XXI-әсирдиң босағасында туўылған адасыма 99-кеңес: Т. Қайыпбергенов Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы сөз. //Еркин Қарақалпақстан.-2004. -15-17-20-24 июль

Көпти көрген биледи…Жазыўшы Төлепберген ҳажы Қайыпбергенов пенен сәўбет //Еркин Қарақалпақстан.-2004.-8 май.

Нуржанов П. Әдебий-эстетикалық ой дүньямызға қосылған салмақлы үлес: жазыўшы Т. Қайыпбергенов 75-жаста //Еркин Қарақалпақстан.-2004.- 8 май.

Қосжанов М. Қаҳраман жазыўшы: Т. Қайыпбергенов //Қарақалпақстан жаслары.-2005.-10 март

Жалолидинова Н. Қарақалпақтың бийик шынары: сөз жазыўшы Т. Қайыпбергенов ҳаққында. //Еркин Қарақалпақстан.-2007.-29 март

Юнусова Қ. «Қарақалпақнама» Қарақалпақ халқының айнасы: руўхыйлық сабағы. //Еркин Қарақалпақстан. -2008.- 5 февраль.

Жазыўшы Төлепберген Қайыпбергенов ҳаққында дүньяға белгили адамлар былай деген.//Еркин Қарақалпақстан.-2008.-31 май.

Нуржанов П. Қара үйден әлемге жол: жазыўшы Т. Қайыпбергенов 80 жаста. //Еркин Қарақалпақстан.-2009.-16 апрель

Бекбергенова З. Жазыўшының дөретиўшилик дүньясы: жазыўшы Т.Қайыпбергенов 80 жаста. //Еркин Қарақалпақстан. -2009.-23 апрель

Жаниев С. Дүньяға қушақ ашқан жазыўшы: илимий әнжуман. //Еркин Қарақалпақстан. -2009.-25 апрель

Палўанов Б. Қарақалпақ әдебиятының қос байтереги. (Т.Қайыпбергенов ҳәм И.Юсупов ҳаққында). //Еркин Қарақалпақстан.-2009.-2 май.

Адилова А. Адабият дарисида Т. Қайыпбергенов асарларини ўрганиш. //Устаз жолы.-2012.-12 апрель, №18

Сәтбаев О. Ҳәптелик даўам етпекте: Өлмес тулғалар. //Еркин Қарақал-пақстан.-2013.-7 май, №55

Сәтбаев О. «ХХ әсир қарақалпақ әдебияты жулдызларына»: өлмес тулғалар.//Еркин Қарақалпақстан.-2013.-2 май, №53

Юсупов Қ. «Қарақалпақ қызы» романында пейзаж ҳәм қаҳарманлар психологиясы: дәуир ҳәм әдебият. //Еркин Қарақалпақстан.-2013.-3 август №95

Караматдинова Б. Республикамызда әдебият кунлери: Мәңги булақлар ХХ-әсир Қарақалпақ әдебиятының уллы байтереклери, Өзбекстан Қаҳарманлары ҳаққында. //Еркин Қарақалпақстан.-2014.-22 апрель, №48

Белгисиз үшинши адам: (Жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновты еслеў).//Қарақалпақ әдебияты, 2015-ж. №8

Ilyos Muslim tarjimasi. Tólepbergen Qayıpbergenov (1929-2010): Óqituvchiga rahmat! (Qissadan parcha). //Qo'ng'iroq, 2015-j. May, iyun, iyul. №2-3-4

Әбдимуратов Ә. Жазыўшының лабораториясына киргенде: 9-май еслеў ҳәм қәдирлеў күни алдынан. //Еркин Қарақалпақстан, 2016.-5 май. №56

Рзаева Р. Мәңги булақлар. Төлепберген Қайыпбергенов: Eternal sources. Tolepbergen Kayıpbergenov. (1929-2010). //Қарақалпақ әдебияты, 2017-ж. №5-6

Аймуҳаммедова Б. Устаз Төлепберген Қайыпбергеновты еслеў. (қосық).//Еркин Қарақалпақстан, 2018.-8-май, №57

Алламбергенов К. Кең дүньяға қушақ ашқан жазыўшы: Т.Қайыпбергеновтың ғәрезсизлик дәўири прозасы мысалында. //Қарақалпақ әдебияты, 2018-ж. Май, №5

## Әдебиятлардың усыныў дизими

Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны: I. Т. Маман бий әпсанасы: роман. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1973.-480б.

Қаипбергенов Т. Қорақалпоқ достони. Китоб 2. Бахтсизлар. Т.: Адабиёт ва санъат нашриёти, 1975.-444б.

Қайыпбергенов Т. Роман повестьлер Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.- 402б.

Каипбергенов Т. Повести. М.: Детская литература, 1978.-158с.

Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны: Бахытсызлар роман 2 том. Нөкис.: «Қарақалпақстан», 1979.-376б.

Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ қызы: роман Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.- 500 б.

Қаипбергенов Т. Сайланма: 3 жилдлик. Т.: Адабиёт ва санъат нашриёти, 1982.-544б.

Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақнама» роман-эссе. Н.: «Қарақалпақстан», 1985.-328б.

Қайыпбергенов Т. Көздиң қарашығы: роман, очерклер, мақалалар ҳәм интервьюлер. Нөкис.: «Қарақалпақстан», 1986.-412б.

Қайыпбергенов Т. О дүньядағы атама хатлар: эссе Н.: «Қарақалпақстан», 1988.- 176б.

Қайыпбергенов Т. Фамилия: драма ҳәм публицистика. Нөкис.: «Қарақалпақстан», 1988.-110б.

Қаипбергенов Т. Қорақалпоқнома: роман-эссе. Т.: Шарқ, 1997.-368б.

Қайыпбергенов Т. Қарақалпақпан Тәуекелшимен. Нөкис.: Билим, 2003.-528б.

Мәтякубова Г. Қәлб зүрәәти. Н: Қарақалпақстан, 2004.-392б.

Qayipbergenov T. 99 maslahat. N: Bilim, 2007.-32b.

Qayipbergenov T. Mug'allimge raqmet! (povest). N: Bilim, 2007.-80b.

## Газета-журналларда жәрияланған мақалалары

Қайыпбергенов Т. Сахра бүлбили. // Әмиўдәрья.- 1997. №9-10, 11-47 б

Қайыпбергенов Т. Жөнекей ушырасыўлардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар. // Әмиўдәрья.-2001. №5, 6, 3-31 б

Қайыпбергенов Т. Жөнекей ушырасыўлардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар // Әмиўдәрья. -2001. №2, 22-70 б

Қайыпбергенов Т. Проза: Жөнекей ушырасыўлардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар. // Әмиўдәрья. -2002. №5, 8-23 б

Қайыпбергенов Т. Уллы Бердақ шайырдың 175 жыллығына байланыслы ойлар. //Еркин Қарақалпақстан.-2003.-28 январь

Qayipbergenov T. 99 ma’slahat. Nukus.: Bilim, 2007.-32b.

Қайыпбергенов Т. Дала тоғайының пәрўазы: шайыр ҳаққында сөз. //Еркин Қарақалпақстан.-2007.-29-май

Қайыпбергенов Т. Ендиги өмири де абат болғай: И.Юсуповты еслеп.//Әмиўдәрья.-2008-ж. №5-6, 12 б.

## Пайдаланылған әдебиятлар.


Әбдиев А. Әдебиятқа қосылған салмақлы үлес: илимий мақалалар. Н: 2015.-216 б.

Рзаева Р. Мәңги булақлар. Төлепберген Қайыпбергенов: Eternal sources. Tolepbergen Kayıpbergenov. (1929-2010). //Қарақалпақ әдебияты, 2017-ж. №5-6.

Алламбергенов К. Кең дүньяға қушақ ашқан жазыўшы: Т.Қайыпбергеновтың ғәрезсизлик дәўири прозасы мысалында: Яднама. //Қарақалпақ әдебияты, 2018-ж. Май, №5



**Таярлаған:**

**Хабарлаў-библиография ҳәм үлкетаңў бөлиминиң жетекши китапханашысы: Л. Пазылбекова**